

**MITOS PETILASAN WATU GILANG LIPURO ING
DESA GILANGHARJO, KECAMATAN PANDAK,
KABUPATEN BANTUL**

E-JOURNAL SKRIPSI

Dipunkajengaken dhumateng Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Yogyakarta
kangge Njangkepi Sarat minangka kangge Nggayuh
Gelar Sarjana Pendidikan



dening:

Lukman Hamzah

NIM 12205241037

Yogyakarta, 29 Maret 2018
Pembimbing

Prof. Dr. Suwardi, M.Hum
NIP. 19640403199001 1 004

Yogyakarta, 29 Maret 2018
Ketua Jurusan

Prof. Dr. Suwardi, M.Hum
NIP. 19640403199001 1 004

**PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA**

2018

MITOS PETILASAN WATU GILANG LIPURO ING DESA GILANGHARJO, KECAMATAN PANDAK, KABUPATEN BANTUL

PETILASAN WATU GILANG LIPURO MYTH IN GILANGHARJO VILLAGE, PANDAK SUB-DISTRICT, BANTUL DISTRICT

Dening: ¹⁾Lukman Hamzah ²⁾Suwardi

Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta

lukmanhamham@gmail.com

Sarining Panaliten

Panaliten menika gadhah ancas kangge ngandharaken milabukanipun petilasan, mitos-mitos wonten ing petilasan saha paedahipun petilasan tumrap masyarakat panyengkuyungipun. Panaliten menika ngginakaken metode penelitian kualitatif *naturalistik*. Caranipun ngempalaken data wonten ing panaliten menika ngangge cara observasi berpartisipasa saha wawancara mendalam. Pirantining panaliten wonten ing panaliten menika panaliti piyambak ingkang kabiyantu dening *tape recorder*, *kamera poto* saha piranti kangge nyerat. Caranipun nganalisis data ngginakaken *teknik analisi induktif*. Caranipun ngesahaken data lumantar *triangulasi sumber* saha *triangulasi metode*. Asiling panaliten menika nedahaken bilih: (1) Milabukanipun Petilasan Gilang Lipuro inggih menika nalika Panembahan Senopati tapa wonten ing Wanalipuro lajeng pikantuk wahyu Lintang Johar kangge damel Kerajaan Mataram (2) Mitos- mitos wonten ing Petilasan Gilang Lipuro (a) ngalap berkah utawi nenepi: sowan griyanipun juru kunci, nyamektakaken diri, nyawisaken sesaji, sungkem saderengipun mlebet; nyebar sekar (b) *makhluk halus* ingkang mapan wonten ing petilasan (c) Caos dhahar wonten ing petilasan gilang lipuro supados pikantuk keslametan ing pagesangan. (3) Paedahipun mitos Petilasan Gilang Lipuro tumrap masyarakat panyengkuyungipun (a) Kangge sarana nyenyuwun dhumateng Gusti, (b) Kangge nambah paseduluran, (c) Kangge nglestantunaken budaya, (d) Kangge nambah pametu masyarakat.

Pamijining Tembung: milabuka gilang lipuro, mitos petilasan, petilasan gilang lipuro

Abstract

This study aims to describe the history of petilasan, myths that exist in the petilasan also the benefits of petilasan for the support community. This study uses a naturalistic qualitative method. Technique of collecting data of this research use participant observation, interview, and also documentation. His own research instruments use recording device, camera, and writing tools. Data analysis technique used is inductive analysis. Data validation technique used in this research is triangulation of source and method. The results of this study indicate that (1) the history of Petilasan Gilang Lipuro is Panembahan Senopati meditation in Wanalipuro and got Lintang Johar to build Mataram Kingdom (2) myths that exist in the Petilasan Gilang Lipuro (a) seeking blessing/nenepi; come to his house juru kunci; preparing myself; preparing offers; sungkem before entering, spreading flowers (b) spirits in petilasan (c) caos dhahar in petilasan to obtain salvation in life (3) Benefits of Petilasan Gilang Lipuro myth to support community (a) place of prayer to God (b) to add relatives (c) to preserve culture (d) to remind you to be careful (e) to increase people's incomes

Keywords: history of gilang lipuro, myths petilasan, petilasan gilang lipuro

¹⁾ Mahasiswa UNY ²⁾ Dosen Pembimbing

DHASARING PANALITEN

Masyarakat Jawa gadhah maneka warni budaya lan tradhisi, kabudayan lan tradhisi menika taksih dipunugemi saha dipunlestantunaken wonten ing padintenan. Salah satunggaling ingkang taksih dipunlestantunaken inggih menika cariyos rakyat. Saking kawontenanipun cariyos rakyat kabentuk mitos ingkang taksih dipunpitadosi dening masyarakat saha gadhah peran wonten ing pagesangan.

Mitos sampun katindakaken kanthi cara turun temurun saha minangka kapitadosan tumrap bab-bab tartamtu miturut tiyang Jawi saged pikantuk pagesangan ingkang tentrem. Kaptidason menika saged dipuntuweni saking kapitadosan tumrap petilasan-petilasan ing Tanah Jawi.

Papan ingkang saged dipunsebat petilasan limrahipun menika papan panggenan, papan istirahat (wonten pangembaran) ingkang radi dangu, papan kangge semedi, papan ingkang dados kadadosan penting, utawi ingkang wonten gayutipun kaliyan legenda. Kathah petilasan wonten ing

Indonesia, salah satunggalipun inggih menika Petilasan Watu Gilang Lipuro wonten ing Desa Gilangharjo, Kecamatan Pandak, Kabupaten Bantul.

Petilasan Watu Gilang Lipuro menika papan ingkang dipunginakaken tapa dening Panembahan Senopati ngantos pikantuk wahyu Lintang Johar kagem damel Kerajaan Mataram. Dumugi samenika, taksih kathah tiyang ingkang sowan wonten ing petilasan menika kanthi gadhah ancas maneka warni. Wonten ing Petilasan Watu Gilang Lipuro menika masyarakat taksih kenthel kapitadosanipun dhumateng mitos petilasan kasebat. Mitos menika gegayutan kaliyan kapitadosan dhumateng Manunggaling Kawula Gusti. Ngelmu mitos utawi mitologi menika salah satunggaling piranti kagem ngawujudaken pangajababipun supados dipunijabahi dhumateng Gusti Ingkang Maha Kuwaos. Bab menika dipunwujudaken masyarakat ing Desa Gilangharjo saha peziarah kanthi cara maneka warni, inggih menika nenepi utawa ngalap berkah saha caos dhahar wonten ing petilasan

¹⁾ Mahasiswa UNY ²⁾Dosen Pembimbing

menika. Masyarakat gadhah *anggapan* bilih wahyu kagem damel kerajaan saged *turun*, menapa dene namung lancar usaha, lancar rejeki, saha lancar *jodoh*. Limrahipun nenepi menika dipunlampahi antaranipun dinten malem Rebo Legi dumugi malem Jum'at Legi, amargi miturut kapitadosan bilih Panembahan Senopati pikantuk wahyu anggenipun tapa dipunwiwiti dinten Rebo Legi lan dipunpungkasi dinten Jum'at Legi.

Mitos *beredar* kanthi cara turun temurun, saengga gadhah sifat *natural*, menapa kawontenanipun, tanpa dipunrekayasa. Panaliti milih panaliten menika amargi mitos-mitos wonten ing Petilasan Gilang Lipuro menika dereng wonten ingkang nлити. Mitos-mitos wonten ing petilasan menika dipunpitadosi gadhah paedah ingkang migunani tumrap pagesangan saengga dumugi samenika taksih kathah masyarakat panyengkuyungipun. Petilasan Watu Gilang menika ugi boten kathah tiyang ingkang mangertos bilih sejatosipun Kerajaan Mataram badhe dipundamel wonten ing Petilasan Gilang Lipuro, ananging amargi celak

Mitos Petilasan Watu (Lukman Hamzah) 3
kaliyan wilayahipun pamardikan Wanabaya, saengga boten siyos damel wonten ing papan menika.

Underaning perkawis wonten ing panaliten mitos petilasan watu gilang lipuro ing Desa Gilangharjo, Kecamatan Pandak, Kabupaten Bantul inggih menika Milabukanipun Petilasan Watu Gilang Lipuro ing Desa Gilangharjo, Kecamatan Pandak, Kabupaten Bantul. Mitos-mitos Petilasan Watu Gilang Lipuro ing Desa Gilangharjo, Kecamatan Pandak, Kabupaten Bantul. Paedahipun Petilasan Watu Gilang Lipuro tumrap masyarakat wonten ing Desa Gilangharjo, Kecamatan Pandak, Kabupaten Bantul saha peziarah ingkang dhateng wonten Petilasan Watu Gilang Lipuro.

CARA PANALITEN

Jininsing Panaliten

Jininsing panaliten ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten Mitos Petilasan Watu Gilang Lipuro ing Desa Gilangharjo inggih menika panaliten *kualitatif naturalistik*. Panaliten *kualitatif naturalistik* inggih menika panaliten ingkang anggenipun pados data kanthi menapa

¹⁾ Mahasiswa UNY ²⁾Dosen Pembimbing

4 *Jurnal Pendidikan Bahasa dan Seni Edisi ...*
kawontenanipun tanpa *rekayasa*
saengga pikantuk data asipat *natural*.

Danzin lan Lincoln
(Endraswara, 2006:86) Panaliten
kualitatif inggih menika *kajian*
fenomena (budaya) empiric wonten
ing lapangan. Panaliten *kualitaif*
menika gadhah kajian *multimetode*
ingkang *dipunfokusaken* wonten ing
pendekatan naturalistik kangge
ngandharaken perkawis. Kajian
ingkang dipunginakaken kados
ngempalaken data kados dene, *life*
history, wawancara, *pengamatan*
sejarah, pengalaman pribadi lan
sanesipun.

Papan Panaliten

Panaliten menika badhe
dipunindakaken wonten ing
Petilasan Gilang Lipuro, Desa
Gilangharjo, Kecamatan Pandak,
Kabupaten Bantul.

Sumber Data Panaliten

Sumber data wonten ing
panaliten menika saking *informan*.
Caranipun manggihaken informan
inggih menika kanthi teknik
purposive. Teknik *puroposive* inggih
menika paneliti nemtokaken

piyambak tiyang-tiyang ingkang
saged paring data-data (Moleong,
2002:165).

Tiyang ingkang mangertos
babagan Mitos Petilasan Gilang
Lipuro inggih menika juru kunci,
sesepuh, warga masyarakat saha
pezarah. Supados pikantuk data
ingkang sae, menika saged
dipunpangguhaken kanthi migunakaen
key informan. *Informan* ingkang
katemtokaken dados *key informan*
inggih menika juru kunci Petilasan
Watu Gilang Lipuro. Sasampunipun
nemtokaken *key informan*
salajengipun ngginakaken teknik
snowball sampling saengga pikantuk
data ingkang jangkep.

Jinising Data

Data Primer inggih menika
data ingkang dipunpendhet kanthi
cara *pengamatan* langsung ing
lapangan saha wawancara langsung
kaliyan *informan* ingkang sampun
dipuntemtokaken rumiyin. *Pedoman*
wawancara inggih menika kanthi
ngginakaken *daftar* pitakenan
ingkang sampun dipuncawisaken.
Saking data primer panaliti pikantuk
informasi babagan *identitas*

¹⁾ Mahasiswa UNY ²⁾Dosen Pembimbing

informan, milabukanipun petilasan, mitos-mitos ingkang wonten ing petilasan, saha paedahipun marang masyarakat saha peziarah.

Data sekunder inggih menika data kagem nyengkuyung data primer. Data sekunder menika dipunpendhet saking buku ingkang jumbuh kaliyan panaliten.

Cara Pados Data

Caranipun pados data wonten ing panaliten inggih menika:

1. Observasi pengamatan, observasi ingkang dipunginakaken inggih menika observasi *terbuka*. Observasi menika kangge ningali kahanan *lingkungan* masyarakat ing Desa Gilangharjo, saha kagem mangertosi bilih mitos menika taksih wonten masyarakat ingkang pitados ugi taksih dipuntindakaken.
2. Wawancara, wawancara ingkang dipunginakaken inggih menika wawancara *mendalam*.
3. Dokumentasi, dokumentasi menikasaged awujud foto-foto lan rekaman. Foto-foto menika saged foto petilasan watu gilang,

Mitos Petilasan Watu (Lukman Hamzah) 5
kegiatan menapa kemawon ingkang wonten ing Petilasan Watu Gilang, saha menapa kemawon ingkang wonten ing petilasan menika. Rekaman menika wawancara ingkang sampun dilampahi kaliyan informan

Pirantining Panaliten

Pirantining panaliten inggih menika peneliti piyambak. damel piyambak anggenipun damel rencana, pados data, ngempalaken data, nganalisi data, nafsiraken data, saha damel laporan asiling panaliten. Piranti sanesipun inggih menika, cathetan lapangan, cathetan observasi saha cathetan wawancara.

Piranti sanesipun ingkang saged nyengkuyung inggih menika, *tape recorder* saha *kamera poto*.

Caranipun Nganalisis Data

Data ingkang sampun dipunkempalaken lajeng dipunanalisis kanthi cara *induktif*. Analisis *induktif* gadhah ancas kangge *memperjelas* informasi ingkang mlebet, kanthi proses *unitisasi* saha *kategorisasi*. Analisis *induktif* dipunginakaken

¹⁾ Mahasiswa UNY ²⁾Dosen Pembimbing

kangge menilai saha menganalisi data ingkang sampun dipunfokusaken wonten ing panaliten Mitos Petilasan Watu Gilang Lipuro ing Desa Gilangharjo, Kecamatan Pandak, Kabupaten Bantul. Sasampunipun data kasebat sampun dipunwaos, dipunsinaoni, saha di telaah, dipunlajengaken damel *abstraksi*.

Cara Kaabsahan Data

Kaabsahan wonten ing panaliten menika ngginakaken cara *validitas*. Cara *validitas* ingkang dipunginakaken inggih menika cara *triangulasi*.

Endraswara (2006:219) ngandharaken bilih *triangulasi* arupi pangempalan data *ganda* ingkang langkung saking setunggal sumber ingkang nedahaken informasi ingkang sami. *Triangulasi* ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten menika inggih menika *triangulasi sumber* saha *triangulasi metode*.

Wonten ing panaliten menika *triangulasi sumber* dipunlampahi kanhi cara nandhingaken menapa ingkang dipunandharaken wonten ing wawancara. Tiyang ingkang dipuntandhingaken inggih menika,

rakyat biasa, tiyang ingkang gadhah pendidikan, tiyang saking pamarentah, saha tiyang sepuh wonten ing papan menika. *Triangulasi metode* inggih menika panaliten ingkang dipunlampahi kanthi nandhingaken data *ganda* arupi pengamatan, wawancara, saha analisis dokumen.

ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN

Milabukanipun Petilasan Gilang Lipuro

Petilasan Gilang Lipuro ingkang mapan wonten ing Desa Gilangharjo menika taksih dipunugemi dening masyarakat. Petilasan menika wonten milabukanipun, dene milabukanipun menika nalika Kerajaan Pajang dipunpimpin dening Sultan Hadi Wijaya, wonten *pemberontakan* saking Adipati Harya Penangsang saking Jipang Panolang (Samenika Kabupaten Blora). *Pemberontakan* kasebat saged dipunkalahaken dening Raden Mas Danang Sutawijaya (Senopati/ Panglima Perang Kerajaan Mataram). Amargi jasanyaipun, Raden Mas Danang Sutawijaya dipunparingi

¹⁾ Mahasiswa UNY ²⁾Dosen Pembimbing

alas mentaok ingkang mapan wonten ing sisih kidul Gunung Merapi, sisih ler segara, sisih kilen Gunung Kidul, sisih wetan Kali Progo. Kirang langkung samenika kalebet wewengkon Ngayogyakarta..

Sasampunipun pikantuk Wanalipuro lajeng Danang Sutawijaya ngembara wonten ing Wanalipuro. Wonten ing Wanalipuro menika Danang Sutawijaya pirsambelik ingkang wonten watu ing tengahipun mbelik menika. Lajeng tapa wonten ing watu menika ngantos pikantuk wahyu Lintang Johar. Lintang Johar menika ngendika bilih Danang Sutawijaya bakal dados raja ingkang saged ngluwihi Kerajaan Pajang. Anggenipun tapa menika boten wonten ingkang mangertos pinten dinten dangunipun, ananging anggenipun tapa menika dipunwiwiti dinten malem Rebo Legi.

Salajengipun Panembahan Senopati gadhah gegayuhan kagem damel kerajaan wonten ing Wanalipuro. Panembahan Senopati ugi sampun nitiki lahan kagem perkampungan saha sampun dipunparingi nama inggih menika, Ketandan, Jetis, Kauman, Gandekan,

Mitos Petilasan Watu (Lukman Hamzah) 7
lan sisih kilen ler wonten *cikal bakal* masjid. Ananging boten siyos dipunbangun amargi ing sisih kilen Wanalipuro kalebet wilayahipun Wanabaya, semana ugi sisih wetan Wanalipuro kalebet wilayahipun Wanadara. Pramila boten *pantes* menawi badhe damel kerajaan wonten ing wilayah perbatasan. Banjur anggenipun damel kerajaan dipunlaksanakaken wonten ing Kotagede. Samenika sebabipun ing Kraton ugi wonten nama Ketandan, Kauman, Jetis, Gandekan.

Nalika taun 1749 dipunurug dening Sinuwun Pakubuwana II saengga dados *daratan* saha dipunbangun griya alit kagem nglestantunaken Gilang Lipuro ingkang rumiyin kagem tapa Panembahan Senopati.

Mitos Petilasan Gilang Lipuro

Mitos ingkang taksih wonten ing petilasan inggih menika, ngalap berkah utawi nenepi ing Petilasan Gilang Lipuro, caos dhahar, saha kapitadosan tumrap *makhluk halus* ingkang mapan wonten ing petilasan. Mitos ingkang sampun misuwur ngantos dumugi pundi kemawon

¹⁾ Mahasiswa UNY ²⁾Dosen Pembimbing

inggih menika ngalap berkah wonten ing Petilasan Gilang Lipuro. Urut-urutanipun ngalap berkah inggih menika:

1. Sowan griyanipun juru kunci, dalemipun wonten ing Jomboran. Sowan wonten ing griyanipun juru kenci menika gadhah ancas kangge ngormati juru kunci.
2. Nyamektakaken diri, saderengipun nglampahi ngalap berkah kedah nyamektakaken diri ruimiyin kanthi cara wudhu utawa siram wonten griya, utawi saged wonten ing komplek petilasan. Ugi saged pasa 3 dinten 3 bengi supados nalika ngalap berkah resik *rohani* saha *jasmani*.
3. Nyawisaken sesaji, sesajii ingkang dipuncawisaken inggih menika sekar setaman, dupa utawi menyan saha wajib saikhlasiipun.
4. Sasampunipun mlebet wonten ing petilasan menika kedah sembah sujud rumiyin saha maos donga ingkang dipuntuntun dening juru kunci, ugi saged ndonga piyambak menawi sampun saged piyambak.

5. Nalika nglampahi ngalap berkah menika wonten ing sisih wetan, ler utawi kidul. Boten pareng wonten ing sisih kilen Watu Gilang amargi dipun pitadosi bilih Panembahan Senopati anggenipun tapa menika madhep ngilen. Pramail boten ilok menawi anggenipun ngalap berkah wonten ing kilen Watu Gilang.
6. Menawi nembe sepisanan menika limrahipun ngarepi petilasan. Ngarepi petilasan inggih menika tanganipun njepaplang antaranipun pojok kaliyan pojok *sen* menapa boten, menawi *sen* limrahipun ingkang pitados panuwunanipun kathah ingkang dipunijabahi.

Wonten ing Petilasan menika dipunpitadosi bilih sedaya wit-witan menika wonten ingkang nunggu, antaranipun inggih menika, macan putih wonten ing Watu Gilang, tiyang sepuh wonten ing wit kemuning, tiyang ageng ingkang lungguh wonten ing ngajengipun lawang cungkup, parjurit lan widadari 2 pasang, saha ula wonten ing gepura petilasan.

Warga masyarakat ugi taksih asring caos dhahar menawi badhe ngawontenaken *hajatan*. Caos dhahar menika awujud ketan salak. Ketan salak menika dipundamel saking ketan dipunsukani gula jawa boten ngagem garem saha boten pareng dipunincipi.

Paedahing Mitos Petilasan Gilang Lipuro

Paedahipun mitos-mitos ing Petilasan Gilang Lipuro inggih menika, kangge sarana nyenyuwun dhumateng Gusti menika sambet kaliyan sesembahing manungsa nyenyuwun dhumateng ngarsanipun Gusti kanthi lumantar Watu Gilang Lipuro. Kangge nambah paseduluran kanthi piranti kangge sesrawungan para masyarakat panyengkuyungipun saengga saged nambah pasedeuluran. Ningkataken pasedeuluran saged dipuntingali nalika sesrawungan wonten ing kompleks petilasan nalika nenggo giliran. Kangge nglestantunaken budaya tiyang rumiyin ingkang dipunwarisaken dening putra wayahipun,saengga dumugi samenika budaya kasebat taksih eksis. Kangge ngemutaken

Mitos Petilasan Watu (Lukman Hamzah) 9
supados ngatos-atos. Kangge nambah pametu masyarakat, saking kawontenanipun Petilasan Gilang Lipuro inggih menika saged nambah pametu masyarakat sakiwa tengenipun.

PANUTUP

Dudutan

1. Mitos-mitos ing Petilasan Watu Gilang Lipuro wonten ing Desa Gilangharjo, Kecamatan Pandak, Kabupaten Bantul taksih dipunpitadosi dening masyarakat panyengkuyungipun dumugi samenika. Mitos-mitos ing Petilasan Gilang Lipuro inggih menika, ngalap berkah, caos dhahar lan *makhluk halus* ingkang manggon ing petilasan menika. Inkang sampun misuwur ngantos dumugi pundi kemawon inggih menika ngalap berkah.
2. Milabukanipun mitos-mitos ing Petilasan Gilang Lipuro khususipun ngalap berkah menika dipunwiwiti dening Raden Mas Danang Sutawijaya nalika tapa wonten ing watu gilang menika lajeng pikantuk

¹⁾ Mahasiswa UNY ²⁾Dosen Pembimbing

wahyu bilih bakal dados raja lan bakal ngluwihi Kerajaan Pajang.

3. Paedahipun mitos-mitos ing Petilasan Gilang Lipuro inggih menika, kangge sarana nyenyuwun dhumateng Gusti menika sambet kaliyan sesembahing manungsa nyenyuwun dhumateng ngarsanipun Gusti kanthi lumantar Watu Gilang Lipuro. Kangge nambah paseduluran kanthi piranti kangge sesrawungan para masyarakat panyengkuyungipun saengga saged nambah pasedeuluran. Ningkataken pasedeuluran saged dipuntingali nalika sesrawungan wonten ing kompleks petilasan nalika nenggo giliran. Kangge nglestantunaken budaya tiyang rumiyin ingkang dipunwarisaken dening putra wayahipun, saengga dumugi samenika budaya kasebat taksih eksis. Kangge ngemutaken supados ngatos-atos. Kangge nambah pametu masyarakat, saking kawontenanipun Petilasan Gilang Lipuro inggih menika saged nambah pametu masyarakat sakiwa tengenipun.

Pamrayogi

Petilasan Gilang Lipuro menika salah satunggaling aset kabudayan ingkang taksih eksis wonten ing Yogyakarta khususipun Bantul ananging menawi dipuntingali, boten kathah tiyang mangertos bilih wonten ing Desa Gilangharjo meniika wonten petilasan ingkang nate dipunginakaken dening Panembahan Senopati. Masyarakat namung mangertos bilih samenika wonten ing Kotagede. Pramila panaliti mrayogakaken menawi Milabukanipun Petilasan Gilang Lipuro menika dipundamelaken buku, ing pangangkah saged paring piwulangan tumrap generasi mudha saha saged kangge *promosi wisata*.

Kangge tiyang sepuh ugi kedah paring piwulang tumrap generasi mudha bab mitos wonten ing petilasan menika amargi samenika sampun mlebet jaman modern, menawi boten dipuntepangakan tumrap *generasi* mudha pramila kabudayan menika saged *punah* amargi boten wonten ingkang nglestantunaken.

¹⁾ Mahasiswa UNY ²⁾Dosen Pembimbing

Saking *pihak pengelola* mugi- mugi saged nyawisaken papan ingkang sae saengga saged dipunginakaken kagem *istirahat* dening peziarah, amargi kathah peziarah ingkang ngalap berkah utawi nenepi ngantos dumugi pinten-pinten minggu utawi sasi. Saengga langkung sae menawi wonten papan ingkang dipunginakaken kagem *istirahat*.

KAPUSTAKAN

Danandjadja, James P. 2007. *Folklor Indonesia*. Jakarta : Grafitipers.

Endraswara, Suwardi. 2006. *Metode Teori Teknik Penelitian Kebudayaan*. Yogyakarta : Pustaka Widyatama.

Endraswara, Suwardi. 2009. *Metode Penelitian Folklor*. Yogyakarta : Media Pressindo

Endraswara, Suwardi. 2010. *Filsafah Hidup Jawa*. Yogyakarta : Penaku

Moleong, Lexy. 2002. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung : Remaja Rosdakarya.

Nasution, S. 2003. *Metode Penelitian Naturalistik Kualitatif*. Bandung : Tarsito.

¹⁾ Mahasiswa UNY ²⁾Dosen Pembimbing